

Fè reklamasyon pou lajan w lan



Li posib pou w kalifye pou jouk **\$6 000** osinon pi plis nan tax refund (ranbousman enpo) ou an lè w fè deklarasyon pou **Earned Income Tax Credit** ak **Child Tax Credit**

1

Kouman pou jwenn yon kote pou fè rapò sou enpo GRATIS*

Gade nan irs.treasury.gov/freetaxprep osinon rele nimewo **800-906-9887**.

2

Gade pou w wè si w kalifye

Pou w ka konnen konbyen ou kapab resevwa, gade nan eitcoutreach.org/help.

3

Fè rapò sou enpo ou yo

Pou w fè rapò sou enpo ou yo, gade nan yon sit entènèt gratis anvan 18 avril epi resevwa lajan w lan sou fòm yon ranbousman enpo (tax refund).

*Ou ka toujou fè reklamasyon pou kredi nan enpo si w pa kapab jwenn yon kote ki pre w pou w sa fè rapò sou enpo.

Ki lè w ap fè rapò sou enpo ou yo?

Nan ki dat:

Ki lè:

Adrès:

Telefòn:

Ale nan eitcoutreach.org/help osinon rele IRS nan nimewo **1-800-829-1040** pou w kapab jwenn plis enfòmasyon.

ÈSKE M KALIFYE?

Toulède Earned Income Tax Credit ak Child Tax Credit se benefis enpo pou moun ki travay. Li posib pou w dwe mwens enpo epi resevwa ranbousman lajan kach!

Lè w fè reklamasyon pou kredi sa yo li p ap gen konsekans sou kalifikasyon w pou lòt benefis kou SNAP (food stamp), SSI, Medicaid, èd monetè osinon lojman piblik. 12 mwa apre w resevwa ranbousman an, konnen ranbousman ki te sere, p ap gen valè nan limit byen/resous pwogram sou benefis gouvènman federal la finanse.

SI W GEN PITIT

- Laj:** Pou *EITC*, timoun yo dwe poko genyen laj 19 an nan fen ane 2016 lan (sa ki etidyan plantan kapab poko genyen laj 24 an e timoun ki andikape an pèmanans osinon nèt ale ka nan nenpòt ki laj). Pou *CTC*, timoun yo dwe poko genyen laj 17 an nan fen ane 2016 lan.
- Rezidans:** Timoun yo dwe pou yo abite avèk ou pou plis pase mwatye nan lane 2016 lan.
- Revni pou lane 2016 :** Pou *CTC*, si w touche plis pase \$3 000, alò ou gen dwa fè reklamasyon pou yon kredi pou jouk \$1 000 pou chak pitit.

Pou *EITC*, salè w dwe pou l pi piti pase limit ki make la yo:

Timoun	Selibatè	Marye	EITC jouk nan:
1	\$39 296	\$44 846	\$3 373
2	\$44 648	\$50 198	\$5 572
3 oubyen plis	\$47 955	\$53 505	\$6 269

Avèk kisa pou w ale nan kote pou m fè rapò gratis sou enpo (free tax site) a

- Pyès didantite valab ki gen foto w
- Kat sekirite sosyal, lèt ki pwouve nimewo sekirite sosyal ou a, osinon ITIN
- Dokiman W-2 osinon 1099
- Prèv asirans maladi (dokiman 1095-A, 1095-B, osinon 1095-C)

SI W PA GEN PITIT

- Laj:** Se pou w gen ant 25 a 64 an.
- Revni pou lane 2016:** Si w touche mwens pase \$14 880 (\$20 430 si w marye), alò li posib pou w resevwa yon ranbousman EITC ki jouk nan \$506.

SI W PA SITWAYEN AMERIKEN

- EITC:** Oumenm, mari osinon madanm ou, ak nenpòt timoun ou mete nan reklamasyon ou yo dwe pou yo gen yon bon nimewo sekirite sosyal.
- CTC:** Oumenm, mari osinon madanm ou, ak nenpòt timoun ou mete nan reklamasyon ou yo dwe pou yo gen yon nimewo sekirite sosyal osinon yon Individual Taxpayer Identification Number (ITIN).

Asirans maladi

Si w pa gen asirans maladi, Premium Tax Credit la kapab kouvri pifò nan frè ki pou peye pou yon plan! Enskri depi 1 novanm 2016 jouk 31 janvyè 2017. Kèk moun ki pa gen asirans kapab gen pou yo peye yon amann. W ap jwenn plis ransèyman nan nimewo **1-800-318-2596** osinon nan **www.HealthCare.gov**.